*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 1 (7319) РУЗМАН 13 январь 2023 сон

12+

## 12 январь – прокуратураялъул къо

**1722 соналъул 12 январалда Петр I-ясул указалдалъун билълъанхъизабуна генерал-прокурорасул хъулухъ, ва гъениве хIалтIизе лъугьана тарихазул цIар рагIарав жигарчи П. И. Ягужинский.**

**Исана прокуратураялъ кIодо гьабулеб буго официалияб къагIидаялда жиб гIуцIараб къоялдаса байбихьун 301-аб. юбилей.**

**Нилъер районалда прокуратура гIуцIун буго 30-аб. сонаzул байбихьуда. Гьеб заманалдаса хадуб Чiарада районалда прокуроралълъун хIалтIун руго М. Дибиров, М. ГIумаржанов, ГI. Багьдулов, С. Ибрагьимов, М. Камбатов, ГI. Гьунибский, Н. ХIажиев, ГI. НурмухIамадов, ХI. ТIагьиров, И. ИсмагIилов ва цогидалги.**

**Жакъа гьеб хъулухъалда хIалтIулев вуго прокуратураялъул органазда хIалтIулаго цIикIкIараб хIалбихьи щварав МухIамадов Запир СултIанпгIалиевич. Гьес прокуратураялъул гIуцIабазда хIалтIизе байбихьана 1994 соналда Унсоколо районалъул прокуратураялъул следователасул хъулухъалдаса. 1998 соналда тIамуна ЛъаратIа районалда прокурорлъун. 2006-2015 соназда хIалтIана Хунзахъ районалда прокурорлъун. Гьелдаса хадув байбихьана Чiарада районалда хIалтIизе.**

**ТIаде бачIунеб профессионалияб байрамги баркун, нижер хIалтIухъан щвана Запир МухIамадовасухъе 2022 соналда прокуратураялъ районалда закон цIуниялда хурхун гьабураб хIалтIи кин ккарабилан суалгун.**

«Араб соналда нижеца районалда закон щулат гьабиялда сверухъ гьабуна кIудияб, батIи-батIияб рахъалъул хIалтIи.

Мисалалъе босани, 2022 соналда прокуратураялъ тIатинаруна законал хвезариялъул 408 хIужжа. Гьездаса гражданасул ва инсанасул ихтиярал ва эркенлъи цIуниялда сверухъ гьабураб гIадлу хвезабиялъул 193 хIужжа. Прокурорасул бербалагьиялдалъун гьел киналго рачун руго законалъул битIараб нухде. Судалде битIун буго 39 иск ва гIарза гражданазул хIажалъабазул, мухIканлъи чIезабичIел чагIазул ва муниципалиял гIуцIабазул. Федералияб законодательствоялъул гIадлу хвезабиялъул хIужжабазул 109 бихьизаби битIун буго гъалатIал лъугIизаризелъун властаlъул батIи-батIиял гIуцIабазде ва организациязул нухмалъулезухъе. Гьезул хал гьабиялъул хIасилалда 31 жавабияв хIалтIухъан цIан вуго гIадлунизамалъул жавабчилъиялде.



Запир МУХIАМАДОВ –
*районалъул прокурор*

Прокурорасул постановлениялъул хал гьабиялъул хIасилалда 29 жавабияв хIалтIухъан цIан вуго административияб жавабчилъиялде.

ГIемерисел гIадлу хвезабиялъул хIужжаби тIатинарулел руго санаде рахъинчIел лъималазул ихтиярал цIуниялда сверухъ. Гьеб хьинтIулеб буго цIа ккеялдаса цIуниялда, лъималазе бухIараб квен чIезабиялда, санитариялгун эпидемиологическиял рихьизариял цIуниялда.

Аслияб къагIидаялда районалъул прокуратураялде гIадамал рачIунел руго ракьул, рукIа-рахъиналъул, хъулухъазул, электроэнергиялъул, ирс щвезе кколеб къагIидаялъул баяналда хурхарал суалалгун.

Прокуратураялъул хIалтIухъабаз жигар бахъулеб буго цере лъурал суалазе битIарал, законалда данде кколел жавабал кьезе.

Прокуратураялъул гьункараб, хIалтIи бокьулеб коллективалда хIалтIула заместитель МухIамад МухIамадов, цIикIкIараб хIалбихьи бугев, тIадкъараб ишалъе ритIухъав, сундулъго божилъи гьабизе бегьулев хIалтIухъан. Вуго бетIерав специалист Мухтар МуртазгIалиев МухIамад МухIамадов тIадегIанаб лъай бугев, цере лъурал масъалаби ракIбацIцIадго тIуразарулев, жавабияв хIалтIухъан. Шоферлъун хIалтIулев вуго щиб хIалтIи тIадкъаниги ракIбацIцIадго тIубазабулев Ибрагьим Расулов», – ян бицана районалъул прокурорас жидерго хъулухъалъул хIакъалъулъ.

«Гьаб тIаде щвараб 2023 сон лъицаниги законалъул гIадлунизамги хвезабичIого, аваданго нухда айги. БукIаян абе гьеб кинабго рахъалъ баракатаб, захIматчагIазул рес бугольи цIикIкIараб ва гIодобе биччараб!», – ян тIадеги жубана З. МухIамадовас.

## 13 январь – печаталъул къо

1703 соналъул 13 январалда Москваялда къватIибе биччана гIурус мацIалда бахъараб «Ведомости о военных и иных делах», – абураб газета. Гьеле гьеб къоги рикIкIун кIодо гьабулеб буго Россиялъул щибаб соналъ печаталъул къо.

1917 соналдаса хадуб Россиялъул печаталъул къо бачун букIана 5 маялде. 1991 соналъул 28 декабралда РФялъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул хIукмуялдалъун «День российской печати» нахъойги бачана тарихалъул дурусаб заман – 13 январалде.

Чiарада районалъул тIоцебесеб газета къватIибе биччана 1937 соналъул 9 декабралда «БагIараб байрахъ» цIаралда гьоркь.

Сонал анагIан магIнаялда цадахъ хисулел рукIана газеталъул цIаралги. Заманалдаса къуна «ЦIияб канлъи», хадуб – «ГIияхъан», цинги хисун лъуна «ЦIияб заман». Гьелдаса хадуб, жакъа къоялде щвезегIан газета уна «Чiарада» абураб цIаралда гьоркь.

Гьелъ нахъа тараб 86 соналда жаниб редакторалълъун хIалтIана О. Эфендиев, А. Бегов, М. ХIамзатов, М. Халикъов, Ж. Забихов, А. ГIалиев, ГI. ГIабдулаева, ТI. КIудаев, И. МухIамадов, Р. Сулейманов, М. МухIамадов, Р. ХIабибулаев, А. МухIамадова.

40-ялдаса цIикIкIун соназ районалъул газеталъул редакторлъун хIалтIана РСФСРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан, СССРалъул печаталъул отличник, журналистазул «Золотое перо» ва «Золотой орел» премиязул лауреат МухIамадов Ибрагьим Ибрагьимович.




Социалистиял къецазул хIасилал гьарулаго газета гIезегIан мустахIикълъана КПССалъул ЦКялъул, ВЦСПСалъул хьвадулел багIарал байрахъазе, РСФСРалъул ва Дагъистаналъул госкомитетазул издательствабазул грамотабазегун дипломазеги.

Киналго соназда газета гьабулаан районалъул типографиялда. Байбихьуда хIарпал рищулаан квераз, заманалдаса кумекалъе щвана линотипги. Хадуб И. МухIамадовасул жигаралдалъун тIоцебе хIалтIизе лъугьана кинабго компьютерияб техникаялдалъун хьезабураб типографиялда. Цогидал районаз МахIачхъалаялда ругел типографияздa газетал къабулеб заманалда, «Чiарада» газета къабулеб букIана районалъул типографиялда.

2020 соналъул сентябралда гьабураб реорганизациялъул хIасилалда районалъул газеталъул редакция ана «ЕИС» МБУялде гьорлъе. Гьений директорлъун тIамуна ва хIалтIулей йиго З. МухIамадова.

Пресса кидаго букIана ва хутIулебги буго захIматчагIазухъе информация жиндир гIужда щвезабулеб алатлъун. Аслияб къагIидаялда редакциялъул хIалтIухъабазда бараб буго битIараб баян гIадамазухъе щвезабиялъул жавабияб иш.

РукIаги киналго хIалтIабазулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби, редакциялъул хIалтIухъабазул творческиял церетIеял, газетаздасагун журналаздаса гIадамал рохизаризелъун. Соналдаса соналде цIикIкIайги газетал хьвалезул къадарги.

## ГIуцIараб къагIидаялда тIобитIана

Муниципалияб гIуцIиялъул бетIерас цебе лъураб, хасалил призывалда хурхарал тадбирал гьариялъул масъала Чiарада районалда ана гIуцIараб къагIидаялда.

Дагъал цере къоязда рагъулаб комиссариаталда призывникал хIадур гьариялъул ва гьел ритIиялъул иш тIубазабулев МухIамадкъадир Расуловас нилъер районалдаса тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе ине вугев 8 призывникасдаса иргадулаб команда щвезабуна республикаялъул сборазул пунктalде. Гьениб рихьизарурал бакIазде ритIизегIан призывниказ хIухьбахъи гьабиялъе чIезарун ругоан киналго шартIал.

ВатIан цIунизе унел солдатазе нух битIулаго насихIатазул кIалъай гьабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас.

«Армиялда хъулухъ гьаби тIадаб налъи ккола щивав щулияб сахлъиги къуватги бугев гIолохъанчиясда. Гьарула нужее реццалдалъун лъугIизабизе гьеб гIумруялъул школа ва ракIбацIцIадго тIубазабизе конституциялъ цебе лъураб налъи. Нужеца ВатIаналъе гьабулеб хъулухъалъулъ рихьизарулел бергьенлъабаздаса чIухIизе ва рохизе руго ниж киналго – нужер ракьцоял, улбул ва гIагарал», – ян абуна гьес.



Гьелдаго цадахъ Чiарада районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовас лъазабуна хасалил призывалъул планалда рекъон районалдаса рагъулаб хъулухъ тIубазабизе витIун вуго 35-ялдаса цIикIкIун гIолохъанчи.

«Районалъул рагъулаб комиссариаталда цебе лъун букIараб масъала тIокIлъунги тIубазабун буго. Киналго армиялде унез хъулухъ гьабизе буго РФялъул ракьалда ва гьел ритIизе гьечIо Украинаялъул СВОялъул зоналде», – ян абуна районалъул рагъулав комиссарас.

# Кинаб букIараб нужее 2022 сон?







Араб 2022 сон дица ва тIолабго коллективалъ захIматаб, ургъалаби гIемераб сонлъун рикIкIунеб буго. Щайин абуни, къварилъаби гIемерлъана. Байбихьуда дунялалдаго ковидалъ унтана ва хвана гIемерал гIадамал. Нилъер районалда унтарал кканиги, Аллагьасул кумекалдалъун ккечIо цониги хвел.

Хадубги гьеб унтуца кIотинарурал нилъ лъавуде рачIинего течIин абуниги мекъи кколаро. Украинаялъул СВОялда гIахьаллъулаго нилъедаса ратIалъарал васазги ракI унтизабуна, гьелдаго цадахъ цIал кьабичIого течIо тIабигIиял балагьазги. Кинабго бихьун лъугIараб батайги.

ХIалтIул лъагIалил хIасилал гьарулаго рехсезе бокьун буго районалъул Культурияб рукъалъ яхI бахьун тIуразаруна жидеда цере лъурал масъалаби. Нижее культураялъул министерствоялъ, халкъиял творчествабазул рукъалъ ва районалъул администрациялъ кьурал тIадкъаял гIужда тIуразаризе хIаракат бахъана.

Араб соналда ГIашилтIа рохьоб тIобитIараб рахьдал мацIазул фестивалалда 26 районазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI нилъеца босизе кIвейги кIудияб гьунарлъун рикIкIуна дица.

Гьаб тIаде щвараб 2023 сон батайги талихIаблъун. ТIоцебесеб иргаялда сахсаламатго, рагъги лъугIун Украинаялдаса нилъер гIолохъабиги рокъоре тIадруссун, улбузул гьурмазда гьими рещтIайги.

Коллективазда цере лъурал масъалаби тIуразариялъе тIадчагIазул кумек цIикIкIайги.

Щивав чIарадисесе гьарула сахлъи, парахатаб гIумру, гьарулел хIалтIабазулъ чIахIичIахIиял бергьенлъаби. Нилъ кидаго рукIана кинабго рахъалъ лъикIаб цIар босулеллъун, хутIайги нилъ хадурккунги гьединаллъун.

***Р. ГIАЛИАСХIАБОВА,***
***Культурияб рукъалъул методист ва режиссер***

ЧIарада район кидаго букIана спорталъул рахъалъ цебетIураблъун. Гьаниса гIемерал рахьана дунялалъул чемпионалги, олимпиялъул хIаязул батIи-батIиял къецазда меседил медалазе мустахIикъльаралги. Гьединаздаса мисалги босун бачIунеб гIелалъги рихьизарулел руго спорталъул рахъалъ лъикIал хIасилал.

Жакъа къоялде районалда хIалтIулеб МБОУДО ДЮСШалъ жидерго хIалтIи гьабулеб буго цIалул 2022-2023 соналъе бихьизабураб календаралъул планалда рекъон.

«ЧIарада район» МОялъул лъай кьеялъул гIуцIабазул цIалдохъабазда гьоркьор планалда рихьизарурал къецал тIоритIана гIужда. Гьединго гIахьаллъи гьабуна зоналиял ва регионалиял спортивиял тадбираздаги.

ЛъагIалил хIасилал гьарулаго абизе бегьила цересел соназде данде ккун хIасилал квешал ккечIилан. РакIчIей буго тIасияб соналда лъималаз спорталъулъ рихьизарулел бергьенлъабаз нилъ жеги цIакъ рохизаризе рукIиналда.

Районалъул гIолохъанлъиялъулгун лъималазул школалда хIалтIулеб буго 5 батIияб группа (эркенаб гугари, бокс, волейбол, футбол ва столалда теннис). Гьелгун хIалтIулел руго 12 тренер.

Дагьаб цебе ЦIуриб тIобитIана нилъер районалъул цIар рагIарал спортсменазул хIурматалда эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир. ДРялдаса 12 командаялъ гIахьаллъи гьабураб гьеб турниралда нилъер районалдаса ункъояз ккуна тIоцересел ва кIигояс кIиабилел бакIал. Гьелги руго нилъ разилъиялъе лъикIал хIасилал.

Дирго рахъалдаса коллективалда, спортсменазда ва тIолабго районалъул жамагIаталда баркизе бокьун буго тIаде щвараб ЦIияб 2023 сон. Мурад буго хадурккунги чIарадисезул спортсменазе щулияб сахлъи ва чIахIиял бергьенлъаби. Рагъкьалги лъугIун ракълилаб гIумруялде буссараб батайги гьаб сон.

***Р. АХIМАТIИЛОВ,***
***МБОУДО «ДЮСШалъул» директор***

Абизе ккола 2022 сон нилъер районалда бугеб почталъул отделениялъул хIалтIухъабаз хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун нухда регIанин.

Почталъул хIалтIи бигьаябин ккезе бегьула гIемерисезда, амма нижеца гьарулел батIи-батIиял хIалтIаби рихьараб мехалда бичIчIула киназдаго гьеб расниги бигьаяб гьечIеблъи. БукIуна цо-цо къо пособияздa хадур цоял, токалъухъ гIарац кьезеян цогидал, кагътал, посылкаби ритIизеян ва гьел росизеян гIемерал гIадамал рачIунеб. Гьеб мехалда хутIула хIалтIи сундаса байбихьилеб лъаларого. Кин бугониги нижер гьитIинабго коллективалъ яхI бахъула гIадамазул мурадал гIужда ва гьел разилъуледухъ тIуразаризе. Нижее лъикIаб сайгъатлъун букIуна клиентаз кьолеб баркала. 2022 соналда нижее кьун рукIарал планалъул тIадкъаял цIикIкIунги тIуразаризе кIванин нижеда.

Церехунисел соназде данде ккун гIемерго гIодобе ккун буго почталдаса газетазегун журналазе подписка гьабиялъул иш. ХIатта нилъерго районалъул «ЧIарада» газета хъвалярелги кколел руго. Республикаялъул ва цогидал мугIрузул районазул басмабазда гьоркьоб «ЧIарада» газета буго бищунго учузаб.

Бокьилаан гьеб рахъги хIисабалде босун районалъул захIматчагIаз почталъул хIалтIухъабазе кумек хIисабалда газетал хъваялъе тадбирал гьаруни.

Цойги рахъалъ босани, гьаб сон нилъер районалъулги тIолабго Россиялъулги, Дагъистаналъулги захIматчагIазе пашманлъаби гIемераб сонлъун букIана. Украинаялда СВОялда хъулухъ гьабулаго нилъедаса ратIалъана таманалго гIолохъаби.

Бокьун буго районалъул захIматчагIазда баркизе тIаде щолеб 2023 сон. Батайги гьеб рагъ-кьалги лъугIун, ургъелалги тIаса ун рахIатаб гIумруялде халкъ буссараб. Гьарула щивав чIарадисесе щулияб сахлъи, талихI, рохел, халатаб гIумру. Батайги гьеб киназего баракатаблъун.

Нижер коллективалъги яхI бахъун бажарараб гьабизе буго тIадкъарал планал гIужда тIуразаризе.

***М. ТАЖУДИНОВА,***
***ОПСалъул начальник***

# Волонтеразул кумек

ЧIарада районалъул волонтеразул штабалъ гьоркьоса къотIизе тун гьечIо «Мы вместе» абураб ахIиялда гьоркь мобилизоват гьаруразул хъизаназе ва хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулезе гьабулеб кумек.

Гьедин гьал къоязда штабалъул волонтераз сапар бухьана Цемер росулъе Атай Сайпулаевасул лъади – Меседохъе. Атай мобилизоват гьавуна сентябралъул ахиралда, гьабсагIат хъулухъ гьабулеб буго Россиялъул ВСалъул солдатаздагун цадахъ Украинаялъул ракьалда унеб СВОялда. 15 декабралда гьезул хъизаналда гьаюна кIиабилей яс. Волонтераз гIолохъанай эбелалъе кьуна сайгъатал.

Гьединго ЦIияб соналде сайгъаталгун гьел щвана гьабсагIаталда СВОялъул ракьалда хъулухъ гьабулев вугев гьебго росулъа ХIажиев Арсенил эбелалъухъеги.

Штабалъул нухмалъулев МухIамад Сиражудиновас лъазабуна «Мы вместе» абураб ахIиялда гьоркь волонтерал СВОялда хъулухъ гьабулел гIолохъабазул хъизаназе цохIого кванил нигIматазул рахъалъ гуребги, цогидалги рукъалъул хIалтIаби гьаризеги хIадурал ругилан.

Кумек гьабизе ва щвезе бокьаразул гIарзаби къабул гьарулел руго телефоналъул гьаб номералда: 8-963-653-05-05, ва горячая линиялъул номер: 8-800-200-34-11.

«Мы вместе» абураб акциялъул кьеразулъе лъугьине ихтияр буго бокьарав чиясул.



# ЦIияб соналде дандчIвай

Цояз разиго, цогидаз абуни пашманго тIобитIана араб 2022 сон. РукIана хIалтIулъ лъикIал хIасилал рукIинарурал магIишаталги, районалъул учреждениязулгун организациялги. Ккана СВОялда рагъда васал камуралги. Кин бугониги гIумру унеб буго. Киналъего хIукму Аллагьасул бугелъул, нилъеда тIадаб буго ТIадегIанасе щукруги гьабун сабруялда чIей.

Бищун квеш ккараб жо буго районалда гIадамал дагьлъулел рукIин. Росаби чIороголъулел руго, гIемерисеб гIолохъанлъи шагьараздe унеб буго. Гьелъие гIемерисез кьолеб жаваб буго магIарухъ гьабизе хIалтIи гьечIилан. ХIалтIи камураб бакI кибго гьечIо, цохIого хIажат буго гьеб бокьизе, гьелдаса хIинкъунгутIизе. Мисалал хIалхьезегIан рачине бегьила. КигIан гIемер бицаниги газеталда хъваниги къанагIатги кколел гьечIо кулзабахъеги ун жидеего хIалалалаб магIишат гьабиялде тIаделъулел гIолохъанал хъизанал. Киназего бокьун буго лъикIаб харж щолеб хъулухъ. Гьеб кисаха щвелеб?

Гьаб заман хIалтIизабизе лъарасе цIакъ бигьаяб ва лъикIаб буго. Лъимер гьабизегIанги гьабун хадусалаги кьолел руго гIодор къоял, эбелалъе кьолеб буго эбелалъулаб капитал. Гьарун хадуб лъималазе кьолел руго пособиял. Церехун киданиги рукIинчIо улбузе гьединал бигьалъаби ва харжал. Гьанже абуни гьел щолел руго.

Рес буголъи дагьабго борхун бугин абун бегьилищ гIарац гIодобе базе? Дие гьаниб тIадчIей гьабизе бокьун буго гIемерисезе цIакъго жиб хиралъун ккараб ЦIияб соналъул байрамалда ва гьелде гьабулеб хIадурлъиялда. 31 декабралъул къаси сагIат кIиго тIубазегIан ЦIуриб майданалда гьоркьоса къотIичIо фейерверкал ва батIи-батIиял гьаракь кIудиял къвагьулел жал риччай.

Гьелдаса тIоцебесеб иргаялда унтаразул, херазул рахIат хвей гуребги, минабазда ва бокь-гьоразда цIа ккелдаса хIинкъиги буго. Бегьилаан цIакъго гьира бугез, чи гьечIеб бакIалда дагьал рикIкIадегIан ун къвагьизе. Гьанже балагьеха гьаб байрамги кIодо гьабун гьарулел ругел харжазухъ. Гьеб кколарищ гIарац гIодобе бай, ялъуни цIаги гьун гьаваялде къвагьи.

Цо пуланав къварилъи ккарав чиясе биччаниги бегьила гьеб фейерверказухъ араб гIарац. Гьелъие бажараraб кумек гьабула рес бугевщинас гуребги, росдал имамзабазгун жамагIаталъ.

Гьанже щивав чияс жинцаго жаваб кье гьаб кIиябго суалалъе. Бокьилаан дир пикруги битIун бичIчIун нужерго ругелги загьир гьаруни.

***КЪ. ЧАХИЕВ***

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ

*22.12.2022 г. с. Цуриб*

# РЕШЕНИЕ № 103

**Об утверждении структуры и схемы аппарата Администрации муниципального образования «Чародинский район» и перечня муниципальных учреждений муниципального образования «Чародинский район»**

Руководствуясь п. 5 ст. 16 Закона Республики Дагестан «О местном самоуправлении Республики Дагестан», постановлением Правительства Республики Дагестан от 27 июня 2014 г. № 295 «Об утверждении Нормативных требований по формированию структуры аппаратов органов местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан и Методики расчета нормативов формирования расходов на содержание органов местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан» и ст. 34 Устава муниципального образования «Чародинский район» Собрание депутатов МО «Чародинский район» **решило**:

1. Утвердить прилагаемые: структуру аппарата Администрации муниципального образования «Чародинский район»; схему аппарата Администрации муниципального образования «Чародинский район»; перечень муниципальных учреждений муниципального образования «Чародинский район».

Считать утратившим силу решение Собрания депутатов муниципального образования «Чародинский район» от 14 января 2021 г. № 62.

2. Администрации муниципального образования «Чародинский район» привести правовые акты, структуру и штатную численность (штатное расписание) работников Администрации муниципального образования «Чародинский район» и работников муниципальных учреждений муниципального образования «Чародинский район» в соответствие с настоящим решением.

3. Настоящее решение вступает в силу с момента его принятия и подлежит опубликованию на официальном сайте администрации муниципального образования «Чародинский район» в информационно-телекоммуникационной сети Интернет.

4. Контроль за соблюдением настоящего решения возложить на Главу Администрации муниципального образования «Чародинский район»

*Председатель Собрания депутатов МО «Чародинский район»*
***М. К. МАХАЧЕВ***

**УТВЕРЖДЕНА**
решением Собрания депутатов
муниципального образования «Чародинский район»
от 22.12.2022 г. № 103

**СТРУКТУРА**

**Аппарата Администрации муниципального образования «Чародинский район»**

1. Управление делами.
2. Финансовый отдел.
3. Отдел сельского хозяйства, и экономики.
4. Отдел профилактики идеологии экстремизма и терроризма.

**По переданным полномочиям:**

1. Административная комиссия.
2. Комиссия по делам несовершеннолетних.
3. Опеки и попечительства.

**УТВЕРЖДЕН**
решением Собрания депутатов
муниципального образования «Чародинский район»
от 22 декабря 2022 г. №103

**П Е Р Е Ч Е Н Ь**

**муниципальных учреждений муниципального образования «Чародинский район»**

**1.** Муниципальное казенное учреждение «Отдела образования и культуры».
2. Муниципальное казенное учреждение «Административно-хозяйственный отдел».
3. Муниципальное бюджетное учреждение «Единая информационная служба».
4. Муниципальное бюджетное образовательное учреждение дополнительного образования детей «Детско-юношеская спортивная школа».
5. Муниципальное бюджетное образовательное учреждение дополнительного образования «Центр дополнительного образования детей Чародинского района».
6. Муниципальное бюджетное учреждение «Районный дом культуры в муниципальном образовании «Чародинский район»».
7. Муниципальное бюджетное учреждение «Централизованная библиотечная система».
8. Муниципальное казенное учреждение «Единая дежурно-диспетчерская служба, ГОЧС и ПБ муниципального образования «Чародинский район».

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ

*22.12.2022 г. с. Цуриб*

# РЕШЕНИЕ № 105

**«О присвоении имени МБУ «Районный дом культуры» МО «Чародинский район» народного артиста РД Абдурахманова Шагава Нурмагомедовича»**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», с Законом Республики Дагестан от 12 декабря 2017г. № 92 «Об увековечении памяти выдающихся деятелей, заслуженных лиц, а также исторических событий в Республике Дагестан», а также с Положением «Об увековечении памяти выдающихся деятелей, заслуженных лиц, а также исторических событий в муниципальном образовании «Чародинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МО «Чародинский район» от 13 мая 2022 года № 77 Собрание депутатов МО «Чародинский район» **решило:**

1. Присвоить МБУ «Районный дом культуры» муниципального образования «Чародинский район» имя народного артиста Республики Дагестан Абдурахманова Шагава Нурмагомедовича.

2. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Чарада» и разместить на официальном сайте администрации района.

*Председатель Собрания депутатов МО «Чародинский район»*
***К. М. МАХАЧЕВ***

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
МУНИЦИПАЛЬНОЕ ОБРАЗОВАНИЕ «ЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН»
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ

*22.12.2022 г. с. Цуриб*

# РЕШЕНИЕ № 106

**«О присвоении имени кавалера ордена Мужества Яхъяева Расула Магомедовича МКОУ «Гилибская СОШ»**

В соответствии с Федеральным законом от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», с Законом Республики Дагестан от 12 декабря 2017г. № 92 «Об увековечении памяти выдающихся деятелей, заслуженных лиц, а также исторических событий в Республике Дагестан», а также с Положением «Об увековечении памяти выдающихся деятелей, заслуженных лиц, а также исторических событий в муниципальном образовании «Чародинский район», утвержденным решением Собрания депутатов МО «Чародинский район» от 13мая 2022года № 77 Собрание депутатов МО «Чародинский район» **решило:**

1. Присвоить МКОУ «Гилибская СОШ» имя кавалера ордена Мужества Яхъяева Расула Магомедовича.

2. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Чарада» и разместить на официальном сайте администрации района.

*Председатель Собрания депутатов МО «Чародинский район»*
***К.М. МАХАЧЕВ***

Приложение №4
к решению Собрания депутатов
от 22 декабря 2022 года

**МЕЖБЮДЖЕТНЫЕ ТРАНСФЕРТЫ НА 2023 ГОД И НА ПЛАНОВЫЙ ПЕРИОД 2024-2025 годы. (тыс. руб).**

| № | Наименование показателя | Код экономической классификации доходов бюджета | 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|---|
| | **Межбюджетные трансферты** | **202 00000 00 0000 000** | **373 486,43** | **347 800,68** | **344 901,75** |
| 1 | **Дотация:** | **202 10001 00 0000 150** | **98 138,00** | **78 510,00** | **78 510,00** |
| | Фонд финансовой поддержки муниципальных районов, городских округов | 202 15001 05 0000 150 | 98 138,00 | 78 510,00 | 78 510,00 |
| 2 | **Субсидии:** | **202 02000 00 0000 150** | **17 665,661** | **18 910,001** | **16 990,992** |
| | на организацию двухразового питания в лагерях с дневным пребыванием детей | 202 29999 05 0000 150 | 812,448 | 812,448 | 812,448 |
| | на обеспечение разового питания учащихся 1-4 классов общеобразовательных учреждений | 202 25304 05 0000 150 | 6 532,017 | 6 532,017 | 6 683,766 |
| | Расходы на обеспечение бесплатным двухразовым питанием обучающихся с ограниченными возможностями здоровья, в т.ч детей-инвалидов, осваивающих основные общеобразовательные программы на дому | 202 29999 05 0000 150 | 59,589 | 59,589 | 59,589 |
| | на модернизацию библиотек в части комплектования книжных фондов | 202 25519 05 0000 150 | 150,00 | 0,00 | 0,00 |
| | на поддержку дорожной отрасли | 202 20041 00 0000 150 | 8 027,14 | 9 336,28 | 9 336,28 |
| | на проведение мероприятий по обеспечению деятельности советников директора по воспитанию и взаимодействию с детскими общественными объединениями | 202 25179 05 0000 150 | 100,33 | 98,91 | 98,91 |
| | на поддержку муниципальных программ формирования современной городской среды | 202 25555 05 0000 150 | 1 984,131 | 2 070,758 | 0,000 |
| 3 | **Субвенции:** | **202 30000 00 0000 150** | **257 682,77** | **250 380,68** | **249 400,76** |
| | госстандарт образования | 202 30024 05 0000 150 | 161 481,00 | 161 481,00 | 161 481,00 |
| | госстандарт дошкольного образования | 203 30024 05 0000 150 | 37 693,00 | 37 693,00 | 37 693,00 |
| | пособия на детей-сирот | 202 30027 05 0000 150 | 1 171,00 | 1 218,00 | 1 267,00 |
| | расходы для выполнения полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 202 30015 05 0000 150 | 1 609,40 | 1 691,60 | 1 752,00 |
| | расходы для выполнения государственных полномочий РД по хранению, комплектованию, учету и использованию архивного фонда РД | 202 30024 05 0000 150 | 207,70 | 207,70 | 207,70 |
| | на осуществление полномочий по составлению списков кандидатов в присяжные заседатели федеральных судов общей юрисдикции в РФ | 202 35120 05 0000 150 | 1,07 | 1,30 | 0,98 |
| | расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административнных комиссий | 202 30024 05 0000 150 | 441,00 | 463,00 | 480,00 |
| | расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административнных комиссий по делам несовершеннолетних | 202 30024 05 0000 150 | 441,00 | 463,00 | 480,00 |
| | на обеспечение жилыми помещениями детей-сирот | 202 30026 05 0000 150 | 2 280,00 | 2 280,00 | 1 140,00 |
| | на организацию и осуществление деятельности по опеке и попечительству | 202 30024 05 0000 150 | 441,00 | 463,00 | 480,00 |
| | на обеспечение выплат ежемесячного денежного вознаграждения за классное руководство педагогическим работникам общеобразовательных организаций | 202 35303 05 0000 150 | 12 042,00 | 12 323,482 | 12 323,482 |
| | расходы на выплату компенсации части родительской платы за содержание ребенка в государственных, муниципальных учреждениях и иных образовательных организациях РД | 202 30029 05 0000 150 | 977,60 | 977,60 | 977,60 |
| | субвенции бюджетам муниципальных районов по наделению органов местного самоуправления государственными полномочиями РД по расчету и предоставлению дотаций поселениям | 202 01001 10 0000 150 | 38 897,00 | 31 118,00 | 31 118,00 |

*Председатель Собрания депутатов МО «Чародинский район»*
***М. К. МАХАЧЕВ***

Приложение № 2
к решению Собрания депутатов МО «Чародинский район»
от 22 декабря 2022 года

**Распределение бюджетных ассигнований на 2023 год и на плановый период 2024-2025 года по разделам, подразделам, целевым статьям и видам расходов**

| Наименование показателя | Раздел | Подраздел | Целевая статья | Вид расхода | 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **Общегосударственные вопросы (аппарат районного управления):** | **01** | **00** | **00000** | **000** | **45,637.9** | **34,718.6** | **34,752.3** |
| Функционирование главы МО | 01 | 02 | 9990020300 | 000 | 1,703.0 | 1,455.0 | 1,455.0 |
| Функционирование аппарата Собрания депутатов МО | 01 | 03 | 9990020400 | 000 | 746.4 | 746.4 | 746.4 |
| Функционирование аппарата Администрации МО | 01 | 04 | 9990020400 | 000 | 17,387.7 | 10,881.2 | 10,881.2 |
| в том числе: | | | | | | | |
| а) муниципальная программа «По обеспечению общественного порядка» | 01 | 13 | 9990020400 | 000 | 200.0 | 200.0 | 200.0 |
| б) муниципальная программа «По противодействию идеологии терроризма» | 01 | 13 | 9990020400 | 000 | 300.0 | 100.0 | 100.0 |
| в) муниципальная программа «По противодействию коррупции» | 01 | 13 | 9990020400 | 000 | 100.0 | 50.0 | 50.0 |
| г) муниципальная программа «По поддержке ветеранов» | 01 | 13 | 9990020400 | 001 | 50.0 | 50.0 | 50.0 |
| «Муниципальная цетрализованная бухгалтерия» Администрации МО | 01 | 13 | 9990029900 | 000 | 1,985.8 | 1,985.0 | 1,985.0 |
| «Административно-хозяйственный отдел» Администрации МО | 01 | 13 | 9990399900 | 000 | 16,552.2 | 12,344.0 | 12,344.0 |
| Архив | 01 | 04 | 9980077730 | 000 | 207.7 | 207.7 | 207.7 |
| Расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности административных комиссий | 01 | 04 | 9980077710 | 000 | 441.0 | 463.0 | 480.0 |
| Расходы для выполнения полномочий по образованию и организации деятельности комиссий по делам несовершеннолетних | 01 | 04 | 9980077720 | 000 | 441.0 | 463.0 | 480.0 |
| Расходы на осуществление полномочий по составлению списков кандидатов в присяжные заседатели федеральных судов общей юрисдикции в РФ | 01 | 05 | 9980051200 | 000 | 1.07 | 1.30 | 0.98 |
| Финансовый отдел Администрации МО | 01 | 06 | 9990020400 | 000 | 4,000.0 | 4,000.0 | 4,000.0 |
| Контрольно-счетная палата МО | 01 | 06 | 9990022500 | 000 | 972.0 | 972.0 | 972.0 |
| Резервный фонд | 01 | 11 | 9990700000 | 000 | 1,200.0 | 1,200.0 | 1,200.0 |
| **Национальная оборона** | **02** | **00** | **0000000** | **000** | **1,609.4** | **1,691.6** | **1,752.0** |
| Расходы для выполнения полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 02 | 03 | 9980051180 | 000 | 1,609.4 | 1,691.6 | 1,752.0 |
| **Национальная безопасность** | **03** | **00** | **0000000** | **000** | **3,849.0** | **3,460.9** | **3,460.9** |
| Единая дежурно-диспетчерская служба | 03 | 09 | 9997950000 | 000 | 3,849.0 | 3,460.9 | 3,460.9 |
| **Национальная экономика** | **04** | **00** | **0000000** | **000** | **11,744.5** | **13,223.9** | **13,595.0** |
| Дорожный фонд (Акцизы на ГСМ) | 04 | 09 | 9990020400 | 000 | 3,717.4 | 3,887.6 | 4,258.7 |
| Субсидии на поддержку дорожной отрасли | 04 | 09 | 9990020400 | 000 | 8,027.1 | 9,336.3 | 9,336.3 |
| **ЖКХ** | **05** | **00** | **0000000** | **000** | **4,895.8** | **5,112.9** | **3,042.1** |
| Расходы на коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 9993500500 | 000 | 2,114.6 | 1,200.0 | 1,200.0 |
| Расходы на уличное освещение | 05 | 03 | 9993500600 | 000 | 797.1 | 1,842.1 | 1,842.1 |
| Расходы на поддержку муниципальных программ формирования современной городской среды | 05 | 03 | 460F255550 | 000 | 1,984.131 | 2,070.758 | 0.000 |
| **Образование** | **07** | **00** | **0000000** | **000** | **306,656.38** | **287,319.52** | **287,488.27** |
| Дошкольное образование | 07 | 01 | 0000000 | 000 | 63,787.9 | 55,571.9 | 55,571.9 |
| в том числе | 07 | | | | | | |
| Госстандарт дошкольного образования | 07 | 01 | 1910106590 | 000 | 37,693.0 | 37,693.0 | 37,693.0 |
| Дотации на дошкольное образование | 07 | 01 | 9994209900 | 000 | 26,094.9 | 17,878.9 | 17,878.9 |
| Общее образование | 07 | 02 | 0000000 | 000 | 196,873.4 | 185,556.5 | 185,556.5 |
| в том числе | 07 | | | | | | |
| Госстандарт общего образования | 07 | 02 | 1920206590 | 000 | 161,481.0 | 161,481.0 | 161,481.0 |
| Дотации на общее образование | 07 | 02 | 9994219900 | 000 | 35,392.40 | 24,075.53 | 24,075.53 |
| Дополнительное образование | 07 | 03 | 9994239900 | 000 | 19,279.7 | 19,279.7 | 19,279.7 |
| Расходы на обеспечение бесплатного горячего питания обучающихся, получающих начальное общее образование в муниципальных образовательных организациях | 07 | 02 | 19202R3040 | 000 | 6,532.017 | 6,532.017 | 6,683.766 |
| Расходы на обеспечение бесплатным двухразовым питанием обучающихся с ограниченными возможностями здоровья, в т.ч детей-инвалидов, осваивающих основные общеобразовательные программы на дому | 07 | 02 | 19202R3040 | 000 | 59.589 | 59.589 | 59.589 |
| Расходы на организацию двухразового питания в лагерях с дневным пребыванием детей | 07 | 07 | 1971099980 | 000 | 812.448 | 812.448 | 812.448 |
| На проведение мероприятий по обеспечению деятельности советников директора по воспитанию и взаимодействию с детскими общественными объединениями | 07 | 02 | 192EB5179F | 000 | 100.33 | 98.907 | 98.907 |
| Расходы на обеспечение выплат ежемесячного денежного вознаграждения за классное руководство педагогическим работникам в общеобразовательных организациях | 07 | 02 | 19202R3030 | 000 | 12,042.0 | 12,323.482 | 12,323.482 |
| Молодежная политика | 07 | 07 | 9994310100 | 000 | 300.0 | 194.0 | 194.0 |
| Расходы на организацию и осуществление деятельности по опеке и попечительству | 07 | 09 | 9980077740 | 000 | 441.0 | 463.0 | 480.0 |
| Отдел образования и культуры Администрации МО | 07 | 09 | 9994529900 | 000 | 6,428.0 | 6,428.0 | 6,428.0 |
| **Культура и кинематография** | **08** | **00** | **0000000** | **00** | **16,992.9** | **16,835.0** | **16,835.0** |
| Районный дом культуры в МО | 08 | 01 | 9994409900 | 611 | 9,566.0 | 9,566.0 | 9,566.0 |
| Межпоселковая централизованная библиотечная система | 08 | 01 | 9994429900 | 611 | 7,269.0 | 7,269.0 | 7,269.0 |
| Управление культуры | 08 | 04 | 9990020400 | 000 | 0.0 | 0.0 | 0.0 |
| Расходы на модернизацию библиотек в части комплектования книжных фондов библиотек МО | 08 | 01 | 9994429900 | 000 | 157.9 | 0.0 | 0.0 |
| **Социальная политика** | **10** | **00** | **0000000** | **000** | **5,546.6** | **5,323.6** | **4,232.6** |
| Доплата к государственной пенсии | 10 | 01 | 9994910100 | 000 | 1,118.0 | 848.0 | 848.0 |
| Пособия на детей-сирот | 10 | 04 | 2230781520 | 000 | 1,171.0 | 1,218.0 | 1,267.0 |
| Расходы на выплату компенсации части родительской платы за содержание ребенка в муниципальных учреждениях | 10 | 04 | 2230181540 | 000 | 977.6 | 977.6 | 977.6 |
| Расходы на обеспечение жилыми помещениями детей-сирот | 10 | 04 | 2250050820 | 000 | 2,280.0 | 2,280.0 | 1,140.0 |
| **Физкультура и спорт** | **11** | **05** | **9995129700** | **000** | **660.0** | **660.0** | **660.0** |
| **Единая информационная служба МО** | **12** | **02** | **9994579900** | **611** | **2,751.0** | **2,097.2** | **2,097.2** |
| **Дотации бюджетам сельских поселений** | **14** | **00** | **0000000** | **000** | **38,897.0** | **31,118.0** | **31,118.0** |
| Фонд финансовой поддержки поселений | 14 | 01 | 2610160010 | 511 | 38,897.0 | 31,118.0 | 31,118.0 |
| **ИТОГО** | | | | | **439,240.5** | **401,561.2** | **399,033.4** |

*Председатель Собрания депутатов МО «Чародинский район»*
*М. К. МАХАЧЕВ*

## ХIажагIалиев ХIабиб ЖабрагIилович



Декабрь моцIалъул ахиралда нилъедаса ватIалъана цойги лъикIав инсан, 1930 соналда ЧIарада районалъул Кьорош росулъ гьавурав **ХIажагIалиев ХIабиб ЖабрагIилович.** Гьев вукIана ритIухъав ва ракIбацIцIадав гIадам. КIудиязе васги, гIел бащадазе вацги, гьитIиназе эменги, росулъе рачIаразе хирияв гьоболги вукIана ХIабиб. Гьев лъаларев чи районалъул чIахIияб гIелалъул гIадамазда гьоркьор къанагIатги рукIун ратиларо.

1950 соналда Кьорош гьоркьохъеб школалда учительлъун хIалтIиялдаса байбихьана ХIабибил захIматалъул нух. Хадув гьебго школалда хIалтIана библиотекарлъунги. Гьелдаса хадув МахIачхъалаялъул чед бежулеб пекарниялде хIалтIизе ун гьенир тIуразарулаан батIибатIиял тIадкъаял. Цинги хIалтIана СМУялъул №1 тресталда ва МахIачхъалаялъул горторгалда экспедиторлъун. 1955 соналда армиялда тIадаб рагъулаб хъулухъги тIубазабун тIадвуссун хадув хIалтIана республикаялъул батIибатIиял бакIазда.

1962 соналда гьев Гьачада росдал исполкомалъул секретарлъун, хадув председательлъунги вищана.

Кинаб хъулухъалде кканиги гьес живго вихьизавуна хIалтIи бокьулевлъун, ритIухъавлъун, гIадамазул мурадал ва тIалабал тIуразаризе бокьулевлъун. Гьев нилъеда киданиги кIочене гьечIо.

*Гьалмагъзабазул къокъа*

## ОМВД России по Чародинскому району предупреждает!

В территориальных ОМВД России по Республике Дагестан в период с 1 по 10 ноября 2022 года зарегистрировано 9 фактов несчастных случаев (пожаров - 6, отравлений - 3), связанных с нарушением правил эксплуатации и использования в быту электрических и газовых приборов. В результате чего погибло - 3 и пострадало - 5, с различными травмами в медицинские учреждения помещены 6 человек.

Несмотря на принимаемые меры, подобного рода трагедии повторяются из года в год с наступлением похолоданий.

Основными их причинами являются несоблюдение требований безопасности при установке в жилых домовладениях отопительных котлов, газовых колонок, неисправности электропроводки, использования несертифицированных или самодельных обогревательных приборов.

На основании изложенного и в целях профилактики происшествий, связанных с отравлениями граждан угарным газом и возникновением пожаров из-за неисправности обогревательного и газового оборудования доводим до сведения населения о необходимости соблюдения мер безопасности, недопущении использования несертифицированных самодельных обогревательных приборов, газовых колонок, неисправных обогревательных приборов, электропроводки.

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Дизайн-верстка** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес:367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.**
**Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*